

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Naskah Drama ‘Tungtungna Tunggara’ karya Ayi G. Sasmita (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ngadéskripsikeun: 1) struktur formal naskah drama, 2) struktur naratif carita, jeung 3) psikologi sastra humanistik dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita. Anapon tiori anu digunakeun nyaéta pamarekan Sumardjo jeung Saini KM ngeunaan struktur formal naskah drama, Robert Stanton ngeunaan struktur carita, jeung Abraham Maslow ngeunaan psikologi sastra humanistik. Méthode anu dipaké nyaéta déskriptif analitik sarta ngagunakeun pamarekan kualitatif anu téhnikna studi pustaka, analisis struktur, jeung analisis psikologi.

Struktur naskah drama téh ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, kramagung, *solilokui*, *aside*, jeung épilog. Sacara struktur naskah drama “Tungtungna Tunggara” kawilang teu lengkep sabab aya dua unsur anu teu luyu jeung tiori. Unsur anu kurang luyuna nyaéta bagian prolog jeung épilog. **Prolog** anu aya dina naskah drama ngan ukur nyaritakeun ngeunaan *setting* panggungna wungkul, ari sakuduna nyaritakeun ogé ngeunaan gambaran carita anu memang nyaritakeun tokoh, paguneman batin palaku, atawa konflik caritana. **Dialog** dina naskah kawilang lengkep sabab unggal pamaén miboga dialogna séwang-séwangan, sarta sacara gemblereng ieu naskah téh diwangun ku dialog. Dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” dialog anu kapaluruh téh aya dalapan dialog antar tokoh. **Babak** dina ieu naskah téh kaasup kana naskah drama tanpa babak, sabab ngan diwangun ku kajadian anu lumangsung dina hiji tempat luyu jeung kronologi ogé waktu anu geus ditangtukeun. **Adegan** dina naskah drama diwangun ku salapan adegan. **Kramagung** téh mangrupa kalimah paréntah anu aya dina naskah drama. Dina ieu naskah kapaluruh aya 160 kramagung tina salapan adegan, sarta kabagi kana genep tokoh. *Solilokui* nu aya dina naskah drama nandakeun ayana masalah anu muncul tina diri tokoh sarta ngedalkeun ngeunaan eusi haté. *Solilokui* nu kapaluruh dina naskah téh aya lima, nyaéta anu ditepikeun ku Euis, Sandra, jeung Sarmad. *Aside* ogé dituduhkeun ku sababaraha tokoh nu nyarita ka nu nongton

padahal aya tokoh séjén. *Aside* anu kapaluruh dina naskah téh aya tilu, nyaéta anu ditepikeun ku Jaya, Sandra, jeung Euis. **Épilog** téh kurang luyu jeung tiori, sabab eusina teu nuduhkeun kacindekan carita, intisari carita, atawa pidato singget dina ahir caritana. Eusi épilog dina naskah drama ngan ukur ditutup ku pupuh jurudemung jeung sora anu ngagorowok.

Struktur carita drama ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. **Téma** anu aya dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” museur kana tokoh Sandra salaku rumaja anu ngarasa tunggara lantaran geus teu dipaliré ku indung jeung bapana. Jadi gurat badag téma anu aya dina naskah téh nyaéta ngeunaan kahirupan hiji rumaja anu keur ngarasa tunggara. **Fakta carita** ngaguar ngeunaan galur, tokoh, jeung latar. Alur anu aya dina naskah nyaéta galur maju, sabab jalan caritana ngaruntuy maju sarta henteu nyaritakeun mangsa anu geus kaliwat. Runtuyan alur anu dijéntrékeun dumasar kana peristiwa anu aya dina carita, jeung jalan caritana ogé ngaruntuy dimimitian ku *eksposisi*, *komplikasi*, *klimaks*, *resolusi*, jeung *konklusi*. Tokoh dina naskah drama téh dibagi jadi tilu, nyaéta tokoh séntral, tokoh panengah, jeung tokoh pembantu. Tokoh anu kaasup kana tokoh séntral nyaéta Euis salaku tokoh protagonis jeung Sandra salaku tokoh antagonis. Tokoh anu kaasup kana tokoh panengah nyaéta Jaya jeung Ratna. Tokoh anu kaasup kana tokoh pembantu nyaéta Sarmad jeung Odon. Latar kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat anu aya dina naskah téh aya tilu, nyaéta imah gedong, korsi taman handapeun tangkal caringin gedé, jeung imah bilik basajan. Latar waktu anu kapaluruh dina naskah téh nyaéta latar waktu titimangsa anu ngawengku peuting, isuk-isuk, sareupna, beurang maju soré, beurang, subuh, kamari, unggal minggu, poé ieu, jeung saminggu geus kaliwat. Latar sosial anu kapaluruh dina naskah téh aya dua, nyaéta latar sosial kelas luhur anu nyaritakeun jalma beunghar ku harta, jeung latar sosial kelas handap anu nyaritakeun jalma miskin sarta hirup saayana. **Sarana sastra** ngaguar ngeunaan judul, puseur implengan, gaya basa, ironi, jeung simbolisme. Dina naskah ngan kapaluruh opat sarana sastra, nyaéta judul, puseur panitén, gaya basa, jeung ironi. Hiji sarana sastra anu teu kapaluruh dina ieu naskah téh nyaéta simbolisme. Judul dina ieu naskah nyaéta “Tungtungna Tunggara” dipilih ku sabab ieu judul téh *relevan* pisan jeung eusi carita anu aya dina naskah. Caritana nyaéta museur kana

tokoh Sandra anu ngalaman hal peurih dina hirupna sabab teu diperhatikeun ku kolotna, sarta ahirna kudu ngarasa tungtungna tunggara. Puseur implengan dina naskah téh nyaéta jalma katilu anu teu kawatesanan, sabab pangarang nyoko ka sakabéh karakter sarta mosisikeun salaku jalma katilu. Gaya basa nu kapaluruh dina ieu naskah téh nyaéta gaya basa kadalon, rarahulan, jeung raguman. Ironi dina naskah ditepikeun ku hiji tokoh nyaéta Sarmad anu nyungkun kana kaayaan anu keur karandapan ku manéhna. Ieu hal kaasup kana ironi sabab patukang tonggong jeung kaayaan.

Psikologi sastra humanistik diguar dusamar kana tiori Abraham Maslow anu kasohor ku tingkatan psikologi humanistikna nyaéta kabutuhan fisiologis, kabutuhan rasa aman, kabutuhan ku kanyaah, kabutuhan ku penghargaan, jeung kabutuhan aktualisasi diri. Dina ieu naskah teu kapanggih tokoh anu geus nyumponan kana opat tingkatan kabutuhan psikologi humanistik. Ku kituna, euweuh tokoh anu bisa nyumponan kana kabutuhan aktualisasi diri atawa tingkat kabutuhan anu pangluhurna dina psikologi humanistik. Dina ieu hal, prasarat pikeun nyumponan pangabutuh aktualisasi diri téh ku cara nyumponan heula opat kabutuhan anu aya di tingkatan leuwih handap. Tokoh Sandra salasihiji tokoh anu opat tingkatan kabutuhanna teu kacumponan. Ku kituna, tokoh Sandra ogé teu bisa nyumponan kabutuhan aktualisasina, sabab kabutuhan anu aya di tingkatan leuwih handapna teu kacumponan. Sakuduna saupama nilik kana kaayaan, tokoh Sandra salaku jalma beunghar jeung anak pejabat téh geus mampu pikeun nyumponan kabutuhan aktualisasina, tapi dina carita jeung hasil panalungtikan anu geus diluyukeun jeung kaayaan dina carita éta kabutuhan téh teu bisa kacumponan. Aya ogé tokoh, Euis, Jaya, Ratna, Sarmad, jeung Odon anu can bisa nyumponan kana kabutuhan aktualisasina, sabab aya kabutuhan anu aya di tingkatan leuwih handap teu kacumponan. Tina tokoh-tokoh anu dicaritakeun ogé kagambar yén psikologi humanistik dina pangabutuh unggal jalma téh tangtuna béda-béda. Cumpon atawa henteuna pangabutuh éta téh gumantung ka jalma éta sorangan, tuluy dipangaruhan ogé ku kaayaan, pasipatan anu aya jeung dirasakeun ku unggal jalma.

Kacindekanna, sacara struktur formal jeung carita anu aya dina naskah drama téh silih lengkepan. Dina ieu naskah struktur fomalna teu lengkep, sabab aya dua hal anu teu luyu jeung tiori nyaéta prolog jeung épilog. Tapi sacara gembleng

struktur anu séjénna geus lengkep. Sacara struktur caritana, kawilang lengkep tapi aya hiji unsur anu teu kapaluruh dina naskah nyaéta simbolisme. Dumasar kana psikologi humanistik unggal tokoh nu miboga karakter rupa-rupa ngagambarkeun pangabutuh manusa anu béda-béda, ogé pangabutuh manusa anu dipatalikeun jeung psikologi humanistik. Pangabutuh anu teu cumpon dina naskah téh dipangaruhan ku kaayaan tokoh jeung sipat individual tokoh. Tina pasipatan jeung paripolah anu digambarkeun ku tokoh, bisa dijadikeun pangaweruh pikeun kahirupan.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Tungtungna Tenggara” mangrupa salasahiji karya Ayi G. Sasmita anu dijerona nyaritakeun ngeunaan pasualan rumaja anu ngarasa teu diperhatikeun ku indung jeung bapana. Ieu hal téh mangrupa pasualan anu teu ahéng deui dina kahirupan masarakat, yén loba anak anu ngarasa teu diperhatikeun ku kolotna. Dumasar kana tiori anu diguar, naskah drama mangrupa hiji wangun karya sastra pikeun pieunteungeun kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas ogé tina pamarekan panalungtikan anu dirojong ku tiori-tiori para ahli. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, sarta bisa jadi pieunteungeun pikeun kahirupan utamana ngeunaan pangabutuh manusa.

Ieu panalungtikan pikeun kamekaran karya sastra Sunda hususna dina widang naskah drama, sarta bisa jadi tarékah ogé pikeun ngawanohkeun karya sastra ka generasi satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Salian ti éta, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan “Naskah Drama ‘Tungtungna Tenggara’ Karya Ayi G. Sasmita (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” dilaksanakeun. Aya sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

Kahiji, dipiharep ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun jadi référénsi dina mata kuliah atawa panalungtikan séjén ngeunaan struktural jeung psikologi sastra.

Kadua, panalungtikan sarupa anu maluruh ngeunaan psikologi sastra humanistik perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Sabab dumasar kana pamarekan karya sastra, kapaluruh masih kénéh kurang référénsi hususna ngeunaan psikologi humanistik.

Katilu, husus kana lembaga akademisi kudu bisa jadi wadah pikeun ngahudangkeun jeung ngaronjatkeun minat masarakat dina neuleuman karya sastra. Sangkan, hasil tina panalungtikan bisa mangpaat.

Kaopat, panalungtik sadar yén masih kénéh kurang sampurna atawa loba kénéh kakuranganna tina hasil panalungtikan. Ku kituna, dipiharep panalungtik bisa mekarkeun deui panalungtikan sangkan leuwih jembar.

Kalima, sanajan panalungtikan ieu henteu dipatalikeun kana bahan pangajaran, tapi dipiharep bisa jadi rujukan pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di tingkat SMA.